



## PWOSÈ VÈBAL GWOUP TRAVAY KOMITE SKOLÈ BOSTON POU ADMISYON NAN LEKÒL KONKOU ANTRE YO

28 jen, 2021

Gwoup Travay Komite Skolè Boston an pou Admisyon nan Lekòl Konkou Antre yo te genyen yon reyinyon 28 jen, 2021, a 5:00 nan laprè midi sou Zoom. Pou w jwenn plis enfòmasyon pou nenpòt nan atik ki mansyone anba a, tanpri ale sou sit entènèt <https://www.bostonpublicschools.org/esataskforce>, voye yon imel nan adrès imel : [feedback@bostonpublicschools.org](mailto:feedback@bostonpublicschools.org) oubyen rele Biwo Komite Skolè Boston an nan nimewo telefòn (617) 635-9014.

### PREZANS

Manm Gwoup Travay pou Admisyon nan Lekòl Konkou Antre yo ki te prezan : Ko-Prezidan Michael Contompasis ; Ko-Prezidan Tanisha Sullivan ; Samuel Acevedo ; Acacia Aguirre ; Simon Chernow ; Matt Gregor ; Tanya Freeman-Wisdom ; Katherine Grassa ; Zena Lum ; Samuel Acevedo ; Rachel Skerritt ; Rosann Tung ; ak Tamara Waite.

Manm Gwoup Travay pou Admisyon nan Lekòl Konkou Antre yo ki te absan : Pèsòn.

Manm pèsonèl Lekòl Piblik Boston ki te prezan : Monica Roberts, Chèf Avansman Elèv, Fanmi, ak Kominote; ak Monica Hogan, Direktris Egzekitif an Chèf Biwo pou Done ak Konrandi.

### DOKIMAN KI TE PREZANTE

[Pwogram Reyinyon an](#)

[Pwosè Vèbal Reyinyon : Reyinyon 24 jen, 2021](#)

[Similasyon Gwoup Travay Lekòl Konkou Antre yo, 28 jen, 2021](#)

### RAPÈL A LÒD

**REYINYON ALEKA GWOUP TRAVAY POU ADMISYON NAN LEKÒL KONKOU ANTRE YO**  
**Sou Zoom**

**Lendi, 28 jan, 2021**

Mesye Contompasis te raple reyinyon a lòd. Li te anonsé ke sèvis entèpretasyon similtane (entèpretasyon ki fèt pye pou pye an menm tan oratè yo ap pale) te disponib nan lang espayòl, kreyòl ayisyen, pòtigè, kreyòl kap vèdyen, somali, vyetnamyen, chinwa kantonè, chinwa mandaren, ak arab ; entèprtèt yo te entwodui tèt yo e te bay kèk entstriksyon nan lang natif natal yo sou kòman moun kapab chanje chanèl sou Zoom pou jwenn aksè nan entèpretasyon similtane.

Madam Parvex te fè apèl non yo. Mesye Acevedo, Madam Aguirre, Mesye Chernow, ak Mesye Sullivan te vini aprè apèl non yo te fin fèt.

**APWOBASYON PWOSÈ VÈBAL REYINYON : 24 JEN, 2021**

***Apwouve – Gwoup Travay la te dakò apwouve minit reyinyon 24 jan, 2021 Gwoup Travay pou Admisyon nan Lekòl Konkou Antre a, avèk kèk ti modifikasyon ke Mesye Gregor te fè.***

**DISKISYON**

Madmazèl Hogan te kòmanse prezantasyon 1 lan avèk kèk koreksyon li te fè nan similasyon presedan yo. Ansuit, li te prezante douz nouvo similasyon ke manm yo te fè :

| Balans Nòt Konpoze yo   | Mekanis   |                       |  |
|---|---|-----------------------|--|
|   | 20% Pozisyon pami Tout Vil la, 80% Pozisyon Klasman | 100% Pozisyon Klasman | 20% Pozisyon nan tout Vil la,<br>40% Pozisyon Klasman,<br>40% Lotri Klasman* |
| 50% GPA (mwayèn jeneral nòt), 50% Evalyasyon, +10% endikatè lekòl ki gen yon mezi povrete ki wo | Similasyon 3A                                       | Similasyon 4A         | Similasyon 5A  |
| 60% GPA (mwayèn jeneral nòt), 40% Evalyasyon, +10% endikatè lekòl ki gen yon mezi povrete ki wo | Similasyon 3B                                       | Similasyon 4B         | Similasyon 5B  |
| 70% GPA (mwayèn jeneral nòt), 30% Evalyasyon, +10% endikatè lekòl ki gen yon mezi povrete ki wo | Similasyon 3C                                       | Similasyon 4C         | Similasyon 5C  |
| 80% GPA (mwayèn jeneral nòt), 20% Evalyasyon, +10% endikatè lekòl ki gen yon mezi povrete ki wo | Similasyon 3D                                       | Similasyon 4D         | Similasyon 5D  |

Done sa yo te prezante selon estati ekonomik, kòd postal, ak ras, avèk yon endikatè to povrete ki wo. Madam Sullivan te note ke enpak ki pi siyifikatif nan yon pwennvi nòt pondere (balanse) sanble se nan domèn divèsite sosyoekonomik. Konsènan sa ki anrapò a yon enflasyon mwayèn jeneral nòt (GPA), li te di ke li kwè ke pifò majorite edikatè sal de klas yo bay elèv yo nòt avèk entegrite.

**REYINYON ALEKA GWOUP TRAVAY POU ADMISYON NAN LEKÒL KONKOU ANTRE YO**  
**Sou Zoom**

**Lendi, 28 jan, 2021**

Doktè Tung te mande si te genyen yon similasyon pou yon mekanis seleksyon lotri 100%. Madam Hogan te esplike konplikasyon ki gen nan simile yon mekanis lotri, paske sa t ap mande pou yo gen yon elijibilite limite pou yo ta fè sa. Mesye Contompasis te ajoute ke Gwoup Travay la pa t ap kapab rive nan yon konsansis (opinyon jeneral) si yo te enkli yon lotri e li te ankouaje manm yo pou yo pa pran yon pozisyon sou afè lotri a. Li te sijere yo itilize egzijans elijibilite sila a ki mande 30% evalyasyon ak 70% GPA (mwayèn jeneral nòt). Epitou l te rekòmande yon separasyon 20% - 80% pou distribisyon plas yo : 20% pozisyon dirèk nan tout vil la ak 80% pozisyon dirèk selon klasman an.

Madam Sullivan te di ke li te kwè ke yon lotri kalifye ta ka mekanis ki pi jis pou distribisyon plas yo selon done ke l te wè, li ta apiye yon elijibilite ki baze sou yon separasyon 30% evalyasyon ak 70% GPA (mwayèn jeneral nòt), avèk yon distribisyon plas 100% pozisyon dirèk andedan klasman sosyoekonomik yo. Selon pwennvi pa l, sa ta kontinye pran swen enkyetid sila yo ki te soulve, e asire ke elèv ki bay pi bon rannman yo nan vil la ta ka gen opòtinite pou yo chwazi yon plas. Li te panse ke enpak pou n ta fè 100% nan yon pozisyon dirèk ta solidifye divès opòtinite pou kèk nan timoun ki pi vilnerab (ki pi san defans) nan vil la. Li te konkli ke li ta dispoze asepte pozisyon dirèk 20% an nan tout vil la, ak yon pozisyon klasman 80% pou distribisyon plas yo, si manm yo ta deside sou yon 80% GPA (mwayèn jeneral nòt) ak 20% evalyasyon pou elijibilite.

Doktè Tung te mande Gwoup Travay la pou l toujou konsidere lotri a. Mesye Contompasis te di etablisman yon lotri ta voye yon move mesaj bay fanmi Boston yo.

Madam Skerritt te di ke l pa t santi ke lotri a te transparan e ke l gen potansyèl pou l pote konfizyon. Li te eksprime ke li ta pi alèz si nou ta prezève yon nòt konbine ki ta gen avantaj yon wo to povrete a, e li ta apiye yon separasyon 50% - 50% oswa 40% - 60% ant evalyasyon an ak GPA la (mwayèn jeneral nòt la). Li te di ke byenke li fè entegrite edikatè yo konfyans, li konsyan de diferans ki egziste ant lekòl yo, e ke avèk yon separasyon 80% - 20% ant GPA ak evalyasyon, yo ka wè plis sibjektivite (patikilyarite) pami diferan tip lekòl ak katye. Li te di ke li apiye swa yon separasyon 20% - 80% oswa 100%, selon klasman pou distribisyon plas yo. Epitou li te poze kesyon : si konsiderasyon pou estati elèv Depatman Timoun ak Fanmi a (DCF) ak estati elèv san lojman an te kapab fèt yon fason diferan parapò avèk lòt klasman yo akoz gwosè li.

Madam Grassa te di ke yon lotri kalifye te fè sans si yo ta vle pou pwosis la ta pi senp e klè. Otreman, li ta plis an favè yon separasyon 40% evalyasyon ak 60% GPA (mwayèn jeneral nòt). Epitou l te vle gen kèk enfòmasyon sou enplemantasyon faktè DCF yo, estati san lojman yo, ak estati elèv ki abite nan kay Otorite Lojman Boston yo (BHA) nan klasman yo.

Madam Lum te poze kesyon konsènan kòman konsantrasyon timoun laj lekòl yo ta fè enpak sou divèsite katye yo si yo ta deside sou yon lotri, etandone ke katye sila yo ki gen plis timoun laj lekòl, e pi gran, ta gen plis reprezentasyon nan pwosesis envitasyon an pase si nou ta itilize yon fòmil pi preskri.

Madam Sullivan te di ke akoz ke genyen anpil enterè nan lotri a, li te panse ke Gwoup Travay la t ap pral pale sou opsyon sa a.

**REYINYON ALEKA GWOUP TRAVAY POU ADMISYON NAN LEKÒL KONKOU ANTRE YO**  
**Sou Zoom**

**Lendi, 28 jen, 2021**

Mesye Chernow te di li te apiye lotri a. Doktè Freeman-Wisdom te di ke li pa t an favè lotri a, e konsènan evalyasyon an ak GPA la, li prefere separasyon 40% - 60% lan, ak nenpòt nan lòt aranjman pou distribisyon plas yo.

Madam Nagasawa te di ke li ta renmen wè yon similasyon pou lotri a. Epitou li te di ke l ta plis panche sou pwopòsyon 30% - 70% an ant evalyasyon ak GPA, e pou yon distribisyon plas li ta prefere yon pozisyon 20% pou tout vil la, 40% pozisyon klasman, ak yon lotri 40% klasman.

Mesye Acevedo te di ke li te kont lotri a. Li te dakò avèk yon separasyon 30% evalyasyon ak 70% nòt, ak 100% pozisyon dirèk nan klasman yo pou distribisyon plas yo.

Doktè Tung te di, lòske l t ap refere a kèk mamm ki pa t deside sou 20%-80% distribisyon plas parapò a distribisyon 100% an, ke chwazi 20% pou mete apa pa t ap avanse yo pi prè ekite, e ke nan yon vil ki gen rasin li plante nan kolonyalis ak segregasyon rezidansyèl e edikasyonèl ki difisil pou rezoud, yon balans jis ap ret byen lwen jenerasyon sa a si li toujou ret atache a divès refòm akoutèm ak ti chanjman k ap fèt piti piti nan regleman yo. Epitou l te di ke rezève 20% nan plas yo nan tout vil la pou elèv sila yo ki blan e privileje pi bon lontan pase rezève 100% plas yo nan tout vil la, men ke y ap toujou mete apa divès plas pou sila yo ki deja benefisye plis nan pratik rasis striktirèl ak pratik kapitalis.

Madam Lum te di ke li t ap panche kont lotri a ; e akoz pwosesis chwa lotri a se yon pwosesis owaza, li santi ke li pa t ap asire divèsite. Mesye Chernow te eslike ke lotri a ta fèt selon klasman, dekwa pou ke l pa t ap fè enpak sou divèsite.

Mesye Contompasis te li paj editorial opinyon ki sot nan atik 24 jen, 2021 jounal *Boston Globe* la, ki te pale kont lotri a e ki te an favè yon distribsyon plas separe 20%-80%. Epitou l te ajoute ke se pa tout elèv ki nan 20% elèv ki bay pi bon rannman yo ki blan privileje. Li te mande pou Gwoup Travay la konsantre sou de (2) pwopozisyon e rive nan yon konsansis (rive dakò). Li te apiye separasyon 30%-70% an pou evalyasyon yo ak GPA yo, ak 20%-80% pou distribisyon plas yo san lotri.

Madam Skerritt te di ke si yo te asepte yon lotri, yo te kab afkete elèv ki pa genyen anpil mwayen ekonomik yo san yo pa rann yo kont. Madam Sullivan te repete ke lotri a pa t ap pou tout vil la, li t ap pamí divès klasman sosyoekonomik yo, kidonk li pa t ap genyen yon enpak kontré sou divèsite sosyoekonomik.

Mesye Gregor te dakò avèk Madmwazèl Skerritt, e li te di ke nan modèl 20%/40%/40% an, menm nan katye ki gen estati ekonomik ki pi ba yo, elèv sila yo ki gen estati ekonomik ki pi wo yo t ap resevwa premye plas yo nan yon fason dispwopòsyone e ke lotri a pa t ap ede plis avèk sa. Epitou l te vle konnen kòman mekanis BHA (Otorite Lojman Biblik Boston an) a t ap fonksyone parapò a klasman yo. Madam Sullivan te eslike ke li t ap menm mekanis ak mekanis kòd postal la, etandone t ap gen yon klasman spesyalize pou elèv ki anba swen DCF, elèv ki san lojman, ak elèv ki abite nan lojman BHA.

**Lendi, 28 jan, 2021**

Mesye Contompasis te sijere pou yo diskite sou de (2) pwopozisyon prensipal yo ki te sou tapi a ; 30%/70% separasyon evalyasyon, GPA avèk pozisyon dirèk 100% oswa avèk yon 20% nan tout vil la ak 80% pozisyon dirèk andedan klasman yo. Madam Sullivan te repete ke li ta sèlman santi l konfòtab avèk yon separasyon 30% - 70% si yo ta fè pozisyon dirèk 100% an tou andedan klasman yo. Madam Skerritt te di ke li kont 20%-80% an. Madam Aguirre te opoze separasyon 20%-80% an tou, men li te ouvè a nenpòt opsyon distribisyón pou plas yo. Madam Grassa pa t apiye separasyon 20%-80% an, men li te dakò avèk pozisyon dirèk 100% nan klasman yo. Mesye Gregor te apiye 100% distribisyón plas yo. Madam Nagasawa, Madam Lum, Mesye Chernow, ak Mesye Acevedo te apiye separasyon 30%/70% evalyasyon, GPA la, ak 100% distribisyón plas yo. Doktè Freeman-Wisdom ak Madam Skerritt te apiye pwopozisyon 30%/70% an ak pozisyon dirèk 100% an, si toutfwa pa gen okenn lotri. Madam Waite te dakò avèk pwopozisyon 30%/70% an.

Madam Aguirre te mande si yo te kapab pale sou separasyon 40%/60% an pou evalyasyon ak GPA (mwayèn jeneral nòt). Madam Sullivan te di ke li pa t apiye opsyon sa a, e li te mande pou manm yo pataje opinyon yo. Madam Aguirre te di ke l t ap an favè opsyon 40%/60% an avèk pozisyon dirèk 100% pou distribisyón plas yo. Madam Grassa, Madam Skerritt, ak Doktè Freeman-Wisdom te dakò avèk opsyon 40%-60% an.

Madam Sullivan te di ke yo dwe fini avèk opsyon 40%/60% an e li te mande manm yo diskite sou opsyon yon lotri kalifye. Mesye Chernow te sijere yon lotri kalifye 100% andedan klasman yo. Doktè Tung ak Madam Grassa te apiye opsyon sa a. Madam Sullivan te sijere ke yo dwe retire opsyon sa a sou tapi a, etandone ke pa t gen sipò pou li ankò. Ansuit li te sijere pou yo te pale sou separasyon 30% evalyasyon ak 70% GPA la sou nòt konbine elijibilite a, avèk faktè 10% an pou elèv ki fè pati lekòl ki gen to povrete ki ba yo. Yo t ap mete elèv yo nan divès klasman sosyoekonomik e pozisyone yo selon nòt konbine yo, epi yo t ap distribye plas yo kòmsadwa. Li te sijere yo itilize menm pwoesisis la pou distribye plas yo jan yo te fè sa pandan regleman pwovizwa yo, ki te gen 10 tou kote ke 10% plas yo te distribye nan chak tou, epi elèv ki nan klasman sosyoekonomik ki pi ba yo t ap chwazi an premye.

Gwoup travay la te pran yon poz a anviwon 7:16 diswa jiska 7:37 diswa.

Madam Grassa te mande pou yon dokiman yon paj, ki gen tout desizyon yo, pou manm yo genyen pou pwochen reyinyon an. Madam Lum te mande pou tout desizyon ki manke kapab enkli nan paj la.

## **KÒMANTÈ GRAN PIBLIK LA**

- Sung-Joon Pai, yon abitan Jamaica Plain, yon paran lekòl Curley K-8, ak yon pwofesè lekòl Charlestown, te temwaye an favè travay Gwoup Travay la e an favè yon lotri kalifye.

**REYINYON ALEKA GWOUP TRAVAY POU ADMISYON NAN LEKÒL KONKOU ANTRE YO**  
**Sou Zoom**

**Lendi, 28 jen, 2021**

- Mary Battenfeld, yon abitan Jamaica Plain, yon manm Bonjan Kalite Edikasyon pou Tout Elèv (« Quality Education for Every Student », QUEST) ak yon ansyen paran BPS, te temwaye an favè yon lotri kalifye.

**KÒMANTE FINAL**

Madam Sullivan te remèsyé entèvenan yo ak manm Gwoup Travay la.

**SISPANSYON REYINYON AN**

A anviwon 8:00 diswa, Madam Sullivan te pwopoze yon mosyon pou sispann reyinyon an pou 1 kapab kontinye nan landmen, 29 jen, 2021. Aprè yon diskisyon brèf sou diferans ant sispansyon ak lage reyinyon an, Komite a te vote selon majorite, selon apèl non, pou sispann reyinyon an. Mesye Acevedo, Madam Aguirre, ak Madam Skerritt pa t vote. Tout lòt manm yo te vote « wi ».

Ateste :



Lena Parvex  
Asistan Administratif